ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЕ ХЕКIЫБЗ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№59 (21.217) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 26, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыщыгъ-къэзыбж и палатэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчетым и IуэхукIэКъэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI:**

1. 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыщыгъ-къэзыбж и палатэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуа отчетыр къэщтэн.

2. А отчетыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хуегъэхьын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1395-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэм ящыщхэр зэхъуэкIыным и IуэхукIэКъэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм теухуа Положением ипкъ иткIа, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щI:**

1. ИужькIэ къызэрыхахьжам тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я лIыкIуэ хагъэхьэн **Котляровэ Анне Виктор и пхъэр** - Прохладнэ къалэм и «Къэзакъхэм я къала зэгухьэныгъэ» жылагъуэ организацэм къыбгъэдэкIыу.

2. Мы Унафэм ъыару егъуэт къыщацта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 20-м
№1397-П-П

ЗэгурыIуэныгъэр и лъабжьэу

● ЗэIущIэхэр

Социальнэ-лажьыгъэ зэхуэщытыкIэхэр зезыгъакIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэныкъуищ комиссэм дыгъуасэ зэIущIэ щригъэжьэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унэм.

АР КъЫЗЭУИХАЩ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей**. ЗэIущIэм кърихьэлIащ министрхэр, КъБР-м и Профсоюз Iуэхущ1апIэхэм, КъБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ, щIыналъэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр кьызэIуихыу зэрылъжьэну жыпхъэр яубзыхуа нэужь, Ярин Андрей псалъэ иритащ КъБР-м и Профсоюзэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ **Евтушенкэ Сергей.** Ар убгъуауэ тепсэлъыхьащ 2008-2010 гъэхэм КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Профсоюзхэм, КъБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я щIыналъэ зэгухьэныгъэм зэращIылIа республикэ лъэныкъуищ ЗэгурыIуэныгъэм.

А ЗэгурыIуэныгъэм и унэтIныныгъэ нэхьыщхьэхэм ящыщщ кьытпэщыт итлъэ зыбжанэм лэжьакIуэхэм я гуащIэм хуэфащэ пщIэ игъуэтыным теухуа социально-экономикэ политикэ егъэкIуэкIныр, IэнатIэ пэрытхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я псэукIэ тэмэм къахэзэгъэпэщныр, экономикэм зэрызиужьыр и тегъэщIапIэу къуалейсызыгъэр гъэкIуэдныр, Iэщ1агъэлIым и зэфIэкIыр кьигъэнэIуэныжьмкIэ Iэмал нэхьыбэ зкьыхэзэгъэпэщныр, иэгъуэпIкIэрэ.

Зи гуты тщIы ЗэгурыIуэныгъэр сэбэп хъунущ зэдзэлэжьэну мурад зыщIа цIыху щхьэхуэхэр, гупхэр щызэбгъэдэувэкIэ. Абы Iыхьэ зыпхыу къыщыгъэгъэлъэгъуащ республикэм и экономикэм зэсыгъэужь IэнатIэхэр, хьэрычэтыщIэ Iуэхур, жылагъуэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным; улахуэ зэрат щIыкIэр зэтеублэным, цIыхубэм я хэхъуэр нэхъыбэ, я псэукIэр нэхъыфI щIыным; цIыхуэхэр социальнэ и лъэныкъуэкIэ хьума хъуным; узыншагъэр хьумэным, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ дыкъэзыухьуреихь дунеймрэ хьумэным теухуауэ лъэныкъуищым кьаIэн зыщащIыжхэр.

АдэкIэ кьэпсэльапIэр хуит зыхуащIа, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм хабзэхэмкIэ и инспектор нэхьыщхьэ **Мер Людмилэ** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхуэхэр IэнатIэкIэ къыщызэгъэпэщым IэнатIэм щызэдзлажьэным и Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым. Къызэхуэсахэм зэдзарзыуэ къаIэлъэгъащ а проектыр КъБР-м и Парламентым кьищтэн папщIэ, Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм зи нэзу зэIущIэм кьыщихьэжьу.

КъБР-м и Правительствэм щекIуэкIа зэIущIэм хэтахэм кьыкIэлъыкIуэ зэхуэсыр щыкIыгъэрагъэпэщыну пIалъэмкIэ зэгурыIуащ, кьыщащIэтыну Iуэхугъуэхэр зэрыIуащ, Iэнатlэр зэрыгъэлъэгъуащ.

Зи гуты тщIы ЗэгурыIуэныгъэр сэбэп хъунущ зэдзэлэжьэну мурад зыщIа цIыху щхьэхуэхэр, гупхэр щызэбгъэдэувэкIэ. Абы Iыхьэ зыпхыу къыщыгъэгъэлъэгъуащ республикэм и экономикэм зэсыгъэужь IэнатIэхэр, хьэрычэтыщIэ Iуэхур, жылагъуэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным; улахуэ зэрат щIыкIэр зэтеублэным, цIыхубэм я хэхъуэр нэхъыбэ, я псэукIэр нэхъыфI щIыным; цIыхуэхэр социальнэ и лъэныкъуэкIэ хьума хъуным; узыншагъэр хьумэным, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ дыкъэзыухьуреихь дунеймрэ хьумэным теухуауэ лъэныкъуищым кьаIэн зыщащIыжхэр.

АдэкIэ кьэпсэльапIэр хуит зыхуащIа, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм хабзэхэмкIэ и инспектор нэхьыщхьэ **Мер Людмилэ** кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхуэхэр IэнатIэкIэ къыщызэгъэпэщым IэнатIэм щызэдзлажьэным и Iуэхукъ1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектым. Къызэхуэсахэм зэдзарзыуэ къаIэлъэгъащ а проектыр КъБР-м и Парламентым кьищтэн папщIэ, Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм зи нэзу зэIущIэм кьыщихьэжьу.

КъБР-м и Правительствэм щекIуэкIа зэIущIэм хэтахэм кьыкIэлъыкIуэ зэхуэсыр зытраса щIы гектар 1700-м. Арыгъ кьыщыгъэгъэпэщащ Iэмалъэмкъ1э зэгурыIуащ, кьыщащIэтыну Iуэхугъуэхэр зэрыгъэлъэгъуащ.

ЖАНХЪУЭТЭуэз.

Аруан куейм щызэхэт мэкъумэш IэнатIэхэм я хозяйствэ зэмылIэужьыгъуэхэм гъатхэ вэнсэным щIадзащ.

НОБЭР здынэсам гектар 200-м нэблагъэ хадэхэкIыу, 250-м кьэкIыгъэ щхьэнтIэ хасащ. Ябзи хуейуэ предприятэхэм кьэпэщылъа гектар 1000-м щыщу нэхьыбэр яухащ.

Иджыпсту Аруан районым и губгъуэхэм ихьащ щIым зэрелэжь мэкъумэш техникэ зэмылIэужьыгъуэу 35-рэ. Гъатхасэм кьыкIэрымыхуу щIыгъэпшэрэр ирахьэлIэ бжьыхьэсэ гъавэр зытраса щIы гектар 1700-м. Аруан куейм и мэкъумэшыщIэхэр гъатхасэ жыпIапхъэфIэкIэмкIи нэсу кьызэгъэпэща хъуащ.

ЖАНХЪУЭТЭуэз.

Прохладнэ куей

Къуажэр зэщIагъэкъабзэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэщIагъэкъэбзэныкIэ хабзэ хъуауэ иджы хуэдэ зэманым ирагъэкIуэкI мазитI лэжьыгъэм япэу пэрыхьа-хэм ящыщхэр Прохладнэ куейм хыхь Къэрэгъэш къуажэр.

КъУАЖЭадминистрацэм и унафэщI Ашэбокъуэ Анзор и жэрдэмкIэ лэжьыгъэр яублащ: щIыпIэ щхьэхуэхэм щызэтрихьа пхъэнкIийхэр зэщIакъуэ, гъэзугбгъуэхэм Iут жыгхэр яухъуэнщI. УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, жыг хуэхъунщIым езым и щэху иIэжщи, Налшык и «Горзеленхоз» Iуэхущ1апIэм и IэмкъэкIуэхэр къраГъэбгъэлъэгъуауэ, абыхэм я дерс-хэм щIодэIу, я Iэбэкъ1эм кIэлъоплъ. Къуажэр зэщIагъэкъэбзэным, жыгыщIэхэр щыхэсэным ехьэлIауэ къагъэсэбэп техникэхэмрэ кьадэIэпыкъуащ къуажэ хьэрычэтыщIэхэр.

ЩIэрэДЖ Днсэ.

Бэлагъы Любэ и махуэ



Зы мазэ и пэкIэ Нью-Йорк къыщыдэкIащ Бэлагъы Любэ и тхыльпIл - тIур инджылызыбзэкIэ, тIур урысыбзэкIэ. Абыхэм ихуащ усакIуэ цIэрыIуэм и поэмэхэмрэ усэхэмрэ. Тхыльпхэм псальэпэ хуатхащ урыс критик, зэдзэкIакIуэ Переяслов Николайрэ усакIуэ Ляпин Игоррэ.

Мэлыжьхьыхьм и 7-м Бэлагъым и пшыхь дахэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекIуэкIынущ. Абы щытепсэлъыхьынущ Любэ и лэжьыгъэхэм, и зэфIэкIым.

Курортхэмрэ туризмэмрэ я IэнатIэм ехьэлIауэ тхылъ 40-м щIигъум Iэ традзэ

Москва къалэм дэт «Крокус-Экспо» гъэлъэгъуапIэ центрым гъатхэпэм и 16 - 19-хэм щекIуэкIа ешанэ «Интурмаркет-2008» гъэлъэгъуэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и унафэм щIэт IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэу 40-м щIигъум Iэ щытрадзащ.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэмрэ Краснодар крайм Курортхэмрэ туризмэмрэ зегъэужьыныгъэ и департаментымрэ зэгурыIуащ мы IэнатIэм щызэдэлэжьэну. Гъэлъэгъуэныгъэм и зэманым кьыз эралытамкIэ, ди министерствэр абы нэхъ ящыжьэру хэтахэм щыщущ. Республикэм и «Лебедь», «Маяк», «Дружба», «Къужьей хадэ», «Къыр псыне» санаторэ-курорт Iуэхущ1апIэхэм, «Эльбрус-турист» ОАО-м диломхэр кьыхуагъэфэщащ.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэр «Интурмаркет» гъэлъэгъуэныгъэм гъэ кьэс хэтщ. Мы гъэм а зэхуэсыщхуэм я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ «Налшык» курортым и Iуэхущ1апIэ зыбжанэм, «Эльбрустурист» ОАО-м, «Синдика» интурист хьэщIэщым. Гъэлъэгъуэныгъэм утыку кьыщрахьащ республикэм и курорт-рекреацэ комплексым и екьулIэныгъэхэр. Апхуэдэу абы хэта цIыхуэхэм я нэгу зрагъэужьащ «Кавказым и пшэплъхэр» къэфакIуэ ансамбль щIэрыIуэм и артистхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и экспозицэм епльащ УФ-м щIыналъэ зыуужьныгъэмкIэ и министр Козак Дмитрий, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Стржалковский Владимир, Урысейм и щIыналъэхэм я турист IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

САСЫКЪ Маринэ.



Медведевым жиIар

УФ-м и Президенту хаха Медведев Дмитрий Инджылызым къыщыдэкI «Файнэншл Таймс» газетым и лэжьакIуэхэм щепсальэм жиIащ Урысейм дипжкIэ властыр зэпэуэцIащу зэрыщаухуэнур.

Зэн къэхъуакъым, къыхьэщхьэхуакIащ абы, властыр зыIэщIэлъым езыр фIэфIу ар нэгъуэщIым ириту. АрщхьэкIэ Путин Владимир Урысейм и тхыдэм щыяпэу Iуэхум нэгъуэщ бгъэдыхьащ: абы власть нэхьыщхьэм зыкIэрищIакъым. Апхуэдизкъым щыщIатIэ, дызэгурыIуэу дыдэжьэфынущ.

Медведев Дмитрий жиIащ Урысейм и экономикэм дунеймэ мы IэнатIэм къыщыхьу зэхуэкIныныгъэхэр зыхуэдэм темыщIыхьауэ зэрызиужьынур. Дэ тхуэзфIэкIынущ сыт хуэдэ экономикэ щытыкIэмэ гуГуъехь инхэр хэмылъу дыкъинкIыфын. Дауи, дунейпсо экономикэм хэпщIа Урысейм гуГуъехь гуэрхэр кьылыкъуэкIынкIи мэхьу, ауэ ахэр тыншу кьызэриизкIыфынущ.

Къэралым и Iэтащхьэу хахам жиIащ коррупцэм пэщIэтыным, цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным кьарууцIуэ зэрырихьэлIэнур.

Гонконг жыжьэм

Ипщэ Китай тенджызым кьыщалъхьауэ украин танкерым иса моряк 11-р.

Адрей цIыхуи 7-р нэхъ пасэу кьрагъэлащ. Кхъухьыр щIэтIысыкIащ метр 37-кIэ. Абы исахэм яIыгъащ зыгъэбауэ Iэмэпсымэхэр, арщхьэкIэ ахэр кьелауэ кьагъэутыжьникIэ гуГуъапIэ щыIэкъым - пIалъэ кIыхьыIуэ дэкIащ.

Псыщ1агырыкIуэхэм я муратщ1 иллюминаторхэр пхауду кхъухь кIуэщIым ихьну. Абыхэм я лэжьыгъэр гуГуъ еш1ащIэм щыщIэ дуней щытыкIэр зэрымыщ1агъэм.

Чавес егъэкъуаншэ

Венесуэлэм и президент Чавес УГэ жиIащ иджыблагъэ Тибетым щекIуэкIа зыкъуэтыныгъэхэр США-м кьызэриГэнэщащу.

АбыкIэ Вашингтон хущIэкъуащ, Пекин щекIуэкIыну Олимп зэхъэзэхуэхэр кьызэпидуну, кьыхихэщхьэхуакIащ Чавес. Абы кьихьащ, езым кьызэрильытэмкIэ, и псальэхэр зэрыпэжьым щэч хуэзымыгъэщIащ щапхьэхэр.

ЩIэрыщIэу зэхагъэкI

УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм и деж щыIэ Следственнэ комитетым и унафэщI Бастрикин Александр жиIащ Щекочихин Юрий и Iуэхур щIрыщIэу зэрыгъэхагъэкIынур.

Фигу къэдгъэкIыжьнщи, илъэ 54-рэ си ныбжь а журналист щIэрыIуэм и хьэдэр 2003 гъэм бадзэуэгъуэм и 3-м езым и фэтэрым кьыщагъуэтыжауэ щытащ. Абы щыгъуэ уголовнэ Iуэхур зэхуэшIыжат щхьэуэсыгъуэ зыбжанэкIэ. Иджы ар бзаджащIэхэм зэрагъэщIэкIуэдам щыхьэт техьуэ нэгъуэщI Iуэхухэр кьыкьуэкIащ.

ТхьэрыIуэ ирагъэщI

Пакистаным и премьер-министр Балани Фразиа Юса тхьэрыIуэ ирагъэщIащ.

А политикыр къэралым щыщIэрыIуэщ Пакистаным кIуэжа нужь якIа, премьер-министру щыта Бхуттэ Беназир и лэжьэгъуэ икIи и акъылэгъуэ къызэрыгъуэгурыкIуамкIэ.

(ИТАР-ТАСС).

Лъэпкъ Iуащ1гъэ:

Гъатхэм и IэфIыгъэр къозыгъащIэр щIымахуэрщ.



◆Бангладеш Щыхуэ Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэ - къэралыр щхьэхуэ щыхуэ махуэщ (1971).

◆Илъэс 15 и пэкIэ (1993) Кыызыл-Орда (Къзэахьстан) щекIуэкIащ Азие Курытым и къралхэм я Iэтащхьэхэм я яп1эущIэ. Абы Iэ щытрадзащ Арал тенджызымрэ абы егъэщIылIа щIыпIэхэмрэ япыщIа Iуэхухэр зэфIэгъэкIынымкIэ зэгъуэгу ялэжьынуэм теуха зэгурыIуэныгъэм.

◆1959 гъэм кьалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ЦIыпIынэ Алъэн.**

◆Илъэс и пэкIэ Iащ театрымрэ киномрэ я актер, СССР-м и щIыхубэ артист, Социалист Лъжьыгъэ и лIыхьужь, Ленин саугъэтым и лауреат **Ульянов Михаил** (1927 - 2007).

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикъэ 59-м, кьухьэлъынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 27-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъэ 28-рэ.

Пэлэстинэ лыгъэхъужьыр
ШАЛ Мухьэмэд.

КъБР-м и Президентым и саугъэтыр къэхьыным щIобэн

2008 гъэм гъатхэпэ мазэм и 27-м щыщIэдзауэ мэлыжьыхь мазэм и 3-м нэсыкъ Iуащхьэмахуэ лъапэ щекIуэкIынущ профессионал райдерхэм щыщу фрирайдымкIэ зэхъэзэхуэхэр. «Elbrus Open 2008» фIэщыгъэнIэр иIуэ екIуэкIыну зэхьэзэхуэхэр теухуащ сноуборд, бгы лыжэ къжьыхьыкIэ лIэужьыгъэмкIэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и саугъэтыр къэхьыным.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ я къызэгъэпэщащIуэхэу къуэвахэщ «Эльбрустурист» ОАО-р, Урысейм и фрирайдерхэм я профессионал лигэр, «Эльбрус-Экстрим» интернет порталыр, «Чегет» пансионатыр, ахэр КъБР-м Физическэ культурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм дагъэсыжь.

Зэхьэзэхуэхэр щыуэ гуэщауэ екIуэкIынущ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм яп1эу хэт спортсменхэр зэпрагъэуэнурэ ягъэбелджылынущ финал ныкъуэм нэсахэр. Финал ныкъуэм хэтыну апхуэдэуи къыргъэбгъэхэщ Iуащхьэмахуэ лъапэ, Домбай, Къуэ Быдэ (Красная Поляна), Москва щыщ райдерхэу блэкIа илъэсхэм екIуэкIа зэхьэзэхуэм ящыщ ящIыгъуу къыщыдэхьэ. А зэхьэзэхуэхэм сулащIэхэу щыIэнущ фрайдерхэу урысей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуаэхэр.

Фрирайдым (кьамыгъэIурыщIа джабгъэм бгы лыжэхэмкIэ, сноубордымкIэ къыщыжьыхьыным щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм увыпIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы щиIыгъщ. Олимп Джэгуфэхэм хьыхь сноубордыр, бгым лыжэхэмкIэ кьежэхныр, зытещIыхьар хуабжьагъэрщ, щрагъэкIуэкIри хэхуэу хуагъэхьэзыра гъуэгуанэхэрщ. Фрирайдыр ар уэс зытеть, зыми лъагъуэ щыпхимыща джабэ нэкIуэхэм хуабжьдыдэу кьежэхьыпри, лъэпощхьэпо гуэрхэм щхьэпрылъынри, нэгъуэщIхэри зыхьыхь спортщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Солянниковэм и сайтыр

● Iэмалыщ1э

«Дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ гъэр» фIэщыгъэм щIэт интернет сайтыр Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыщыцIэхуэр ильэсиш ирикъуащ.

2005 гъэм а проектыр къыхилхьауэ щытащ журналист Солянниковэ Маринэ. Сайтым и къалэн нэхъыщхьэр ди республикэр сыт щыгъуи мамырыгъэ щIэкъуу къызэрыгъуэгурыкIуамрэ а Iуэхум екьулIауэ ди щIыналъэм щызэфIагъэкI дзэжьыгъэхэмрэ дуней псом хэIущIыIу щыщIыныри. Апхуэдэу «Дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ дэрэ» напэкIуэцIым гъунэжу ущрохьэлIэ ди лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ уахэзыгъэгъуаэз тхыгъэ, хьыбар гъащIэгъуэнхэм. Сайтыр зи Iэмыщ1э иIыным къызэрыхигъэщымкIэ, пыщIэныгъэщхуэ яхуиIэу ядолажь Москва, Санкт-Петербург къалэхэм щыпсэу щIэныгъэлIхэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лжьакIуэхэмрэ.

«Псом хуэмыдэу си сайтым щогуфIыкI икIи щIэх-щIэхъуэрэ фIыщIэ псалъэхэр кьытхуратегъэхь Къэбэрдей-Балъкъэрыр гуапагъэкIэ зигу кьинэжа цIыхуэхэм. Нобэ ди къэралым и дежкIэ псом я щхьэр лъэпкъыу абы щыпсэухэм яку мамырыгъэр зэныбжьэгъугъэр дэлъынраши, дэ абы дыгъэрителажьэм, а тщIэр цIыхуэ фIыкIэ къызэрыгурыIуэм дрогуцхуэ», - жиIэ Солянниковэм. Нобэ мамырыгъэм хуэлажьэ сайтым и Iуэхутхьэбзэр къагъэсэбэп цIыху 2000-м нэблагъэм. АдэкIэ я мурадщ сайтым илъэсищым кьрифыбдэу ихуа хьыбархэр зэхуахьэсу ягъэльэгъуэну.

ЛЪОСТЭНМуэз.

Щэнхабзэ Гъуаздджэ Литературэ ЩIэныгъэ Анэдэлъхубзэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэ

№1

Шыхулъагъуэ

«Іуащхьэмахуэ» журналыр ди хьэщIэщ

Гукъэкіыжхэр Гъуэгуанэ тхыгъэхэр Хъыбархэр



ЛIэщIыгъуэ ныкъуэм дроплъэж

● Редактор нэхъыщхьэм и псалъэ

«ІУАЩХЬЭМАХУЭ» журналым кьыззэринэкIа гъуэгуанэм ущрипльэжкIэ, ар кьызытепщыкIыжа «Къаруущ», «Мамыщ», «Къэбэрдей» альманахэм я гугъу умышIынур емыкIуи щыуагъи хъ унт. «Къаруущэмрэ» «Макъыщэмрэ» 30 гъэхэм кьыдэжIыу щытащ, «Къэбэрдей» альманахым и яп кьыдэжIыгъуэр Хэку зауэшхуэр щыуха 1945 гъэм и жэпуэгъуэм мазэм дунейм кьытехащ.

Сыт хуэдизу зэманыр мазэхьами, сыт хуэдизу тхьэмыщкIагъэ цIыхум кьатемыпсэуами, зауаем зи гъэзэгур зэпиупIащ ди литературэр адэжи кIуэтэн зэрыхуейм и щIыхьэгъ къэунэхуа «Къэбэрдей» альманахым и кьалэныр нэсу зэригъэзэщам шэч хэлъкьым. Нобэ кьагъуэтыжыгъуей дыдэ хьуа а альманахым и кьыдэжIыгъуэхэм кьытехуащ, зыщагъэуэхуащ а зэманым щIэрыIуэ хьуагъэхэр ди тхакIуэхэмиу нужьКIэ ди литературэм и пщIэр лъагэу зыIэта автОрхэми я тхыгъэхэр. ЦIыхухэр зэIэпахыу едкэрт «Къэбэрдей» альманахым, я литературэр лъэ быдэкIэ ува хъунымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ «Къэбэрдей» альманахым.

Апхуэдизу щыт пэт ми, альманахым и зэфIэкIыр, и кьуэкьыр кьеэзэкIыу щIидзащ цIыхухэм я зэхэщIыкI кIуэ пэтми зызыгъужьым. Нэрылъагъу хьуащ лъэпкым и гъащIэр лъэныкьуэ куэдкIэ ди нэгу кьыщIэзыгъэхьэн зиуэкъ ди Iэн зэрыхуейр. Зэуэ кьемыхъулIами, ди лъэпкъыр мыгувэу лъэIесащ а и хьуэпсапIэм: «Іуащхьэмахуэ» зыIэщаща журналыр 1958 гъэм и мазаем мазэм хэлъу дунейм кьытехьауэ, илъэс 50 мэхъури зэи зэпыу имыIау мазитI кьэскIэ зэ кьыдокI. Дунейм кьытехьакIэщ номер 300, мыр абы кьыIуиэ кьыдэжIыгъуэщи, мин бжьыгъэ кьыкIэлъыкIуэну Тхьэм жиIэ!

* * *

ТХЫДЭМ дежкIэ илъэс 50-р напIэзэпIэм хуэдэщ, ауэ зиуэзэщ зэпытурэ литературэ псо кьыззэрытэджыкIа журналым и Іэхъуцкъэр: Щомахуэ Амырхьан, Щоджэнцыкиу Іэдэм, Тхьэгъэзэит Зубер, Кьэрмокьуэ Хьэмид, Шэвлокьуэ Петр, Ахэми редакцэм щылэжьа адрей тхакIуэхэми фIыщIэ ин ябгъэдэлъщ журналыр едгIакIуэрэ, зиужьырэ кьыззэрыгъуэгурыIуамкIэ.

«Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм щылэжьащ тхакIуэ, усакIуэ Іэзэ хэ, ж.журналист Іэжьэпьакьуэ хэ ку эр: Шырыт Хьэтыз, Кіурашын Бетлан, Мысачэ Петр, Гъубжокьуэ Лиуан, Балькьэр Фоу сэт, Сокъур Муэрбий, Елгъэр Кашиф, Кьагъырмэс Борис, Кіэшт Мухьэз, Уэрэзей Афлик, Хьэлупщы МуІэд, Кьанакьуэ Заринэ сымэ. Редакцэм щылэжьа нэхъыкьэм ящыщу нобэ я Іэнатіэ мытынишыр хьарьынэу ирахьэжI тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэхэу Елгъэр Кашифрэ Кьагъырмэс Борисрэ.

Редакцэм и тхыдэм кьыщэнапхъэщ ар кьыщыззIуаха маху эм щIидзэу илъэс 40-м щIигъукIэ машинисткэу абы щылэжьа Пхъэвакьащэ Марзиданэ. И хьэдрыхэ дахэ Ікьэм ищI, ди Іэдэб у, емыкIуи щIыкIэ, ебанэ зы зы унагъуэ курых хуэдизу фIэкIа мыхьу коллективым. Апхуэдэу ди редакцэм илъэс щIыкIэ машинисткэу щылэжьащ псэемыблэж лэжьакIуэ, цIыху гуапэ Амщокьуэ ШэIибэтрэ компьютерым дыхуэкIуа нэхъ, а Іуэхум пэрыуба оператор Іэкіуэльакіуэ Джыйнэ Зарет эрэ.

Хэкауэ фIыщIэ гуапэ яхужьаIэну сыхуейщ «Адыгэ псалъэ» газетым щащIэ лэжьыгъэшхуэ зэ зм кьадэкIуэу, «Іуащхьэмахуэ» журналым и корректор, техред лэжьыгъэхэр зыгъэзащIэ Жьакьэмэрзэ Гъурыжь Мадинэрэ. И лэжьакIэм кьеГъэлъагъуэ иджыблагъэ ди коллективым кьыкъуэ аператор Джатокьуэ Залинэ хьарзынэу кьыззрыгъэзэнчр. Псалъэ гуапэ хуэфащэщ редакцэм и бухгалтер Дыду Марини.

Я кьалэн Іыкьэр хьэлэлу ягъэзащIэу редакцэм зэманыбгIкIэ кьыдэлажьащ техред Іэзэхэу Жэмбей КIуушкIэ, Лъп Ливдэ, корректор Мэремькъуэ Ленэ сымэ, н.

* * *

«ІУАЩХЬЭМАХУЭМ» и редактор нэхъыщхьэу щытахэр, абыхэм Іуэхур кьадэхьIэту кьабгъурыта цIыху гуащIафIэхэр уи нэгу щIэтрэ а блэкIа лIэщIыгъуэ ныкьуэ ущрипльэжу, гу нэхь зыльыштэхэм ящыщу Іуэху зехьэкIэ и лъныкьуэкIэ редакцэм щыува традицие-хэм нэхъыфIу хэлъхэр, зэманым кьеэзгъэкэр хьума зэрыхьуным пылъуэрэ кьыззрекIуэкIыр.

Псалъэм папщIэ, апхуэдэ традицие «Іуащхьэмахуэм» кьыдекIуэкIхэм ящыщу: 1) журналым и гъэпсыкIэ нэхъыщхьэкъэрэ и формэтымрэ ззэхуэкIыныгъэшхуэ ямыIэуэрэ кьызэрыдэкIыр;

2) ди лъэпкъ литературэм и Іыхьэ псоми, щхьэж зэрыхуэфэщэнкIэ, журналым гулыитэ зэрыщагъуэтыр, тхылъадджэхэм я деж нэхъ щIэупщIэ щызиIэ, абы кьыхэкIыуи нэхъ зызыужь прозэм листаж нэхъыбэ зэрыхуэхьыр; 3) печатым мыкIуэ тхыгъэ фIэкIа традэзиу кьызэрыIамыхьыр (авторым и юбилей щагъэлъапIэм деж кьищынэмыщIа).

АтIэми къ уаншагъэ хьунт, зэманым кьызэрезэгъынкIэ, журналым пIалъэ-пIалъэкIэрэ зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр емыгъэгъуэтамэ. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм нэхъ кьежьапIэ яхуэхъу хабзэр журналым рубрикэщIэхэр хэгъэхьэныр. Рубрикэщ1эм Iэмал кьует гулыитэнщэу кьыанэ Іуэхугъуэ гуэрхэм журналыр хузбунэтIыныкIэ е а Іуэхуэхэр нэхъ тегъэчыныхьауэ кьыщыIэта хьунымкIэ.

Блэкіа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм, псоми зэрытщIэщи, цIыхум я гъащIэм, я гупсысэкIэм ину зиужьэкауэ щытащ. НэгъуэщIынэкIэ гъащIэм епIэ хьуауэ адыгэхэрэ. Ди тхыдэр, ди тхыбзэр нэхъ кьафIэIуэжу, хамэщI щыпсэ у ди лъэпкъэгъуэхэм я Іуэху зытетым нэхъ щIэупщIэ хуэахэу щытащ. ГъащIэм дыпэ джэж щIыкIэу, а зэманым дэ журналым хэдгъэхьащ мыпхуэдэ рубрикэхэр: «Тхыдэ гъащIэуэр», «Анэдэлъхубзэ - лъэпкъым и гупсэ», «Культурэм и лъахэм» жьхуIэхэр. Ди литературэм и щIэблэм папщIэ «Шыхулъагъуэ» кIэ» едкэру рубрикэ, спортым хуэгъэза «Шурылъэс» рубрикэр, н. Тхакіуэхэм, у сакіуэхэм я юбилей е фэепIь датэхэм щIыкIи журналым рубрикэ щIыкIэхуэ иIэщ: «ЖьантIэ». Нэхъапэхэм «Дынохьуэхьу!» псалъэр кьагъэсэбэпу щытащ апхуэдэ рубрикэ папщIэу. Ар, пэ жу, псалъэ дахэщ, ауэ ди нейм екьыка тхакIуэм е усакIуэм и юбилеим папщIэ къэбгъэсэбэпыну кьызэремызэгъым щхьэкIэ, «ЖьантIэ» рубрикэм дыкьытеувыIащ. А рубрикэр журналым икуэхэм нэхъ хуоээ, юбиляром и цIэр, абы теухуэ псалъэхэр, и тхыгъэхэр (иджыри я жьантIэщи, юбилей зиIэ тхакIуэм, усакIуэм и тхыгъэр кьытехуауэ щыта-щымытакIэ редакцэм зэхидзыркъым) зэрыдгъэзащIэр абыкIи кьыхэдгъэщ щыкIэу. Лъэпкъым Іыхьэлейуэ пщIэ зыхуищI закъуэтIакъуэхэм (псалъэм папщIэ, ПащIэ Бэчмырзэ, Щоджэнцыкіу Алий, Кіыщокьуэ Алим сымэ хуэдэ цIыху щэджащэхэм) я сурэтхэр пIэлуIэ жиитым тыдодзэ, абы теухуа тхыгъэхэмкIи журналыр кьыззIудох. Лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэ зу эзыщIа дэтхэнэми (Тхакіуэхэм я союзым хэт-хэмыт щымыIэу) абыкIэ редакцэм гулыитэ хуещI.

Нэщхьеягъуэри, сыт пщIэн, гъащIэм пхуэхэдзынукъым: ди тхакIуэ дунейм екьыжауэ журналым щыгъуэ псалъэ кьыщытримыдзэ зэи кьэхьукъым.

* * *

КЬЫДЭКIЫН зэрыщIидзэ Іьандэрэ «Іуащхьэмахуэ» журналым иту нэхъ зыхуэмызагъэуI щытахэм я гугъу пщIымэ, шэч хэмылIу, нэхъ хьапэ зи цIэ кьиIуапхъэр литературэ критикэр араш. Журналыр кьызэрыиунэхэр дэнэ кьэна, ди литературэр кьызэрежьэ Іьандэрэ я гуныкьуэ-гъуэр щыIэуэрэ кьэкIуэкI жьIпIэмэ, ущыуэнукъым.

АтIэми, ди литературэ критикэр ху эм-хэм урэ зэрыцужьыхьапIэр кьэпльыгъуэрэ нэхъапэхэм ятха критикэ тхыгъэхэм уахэджьыхьыжа нэужь, занщIэу гу льотэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, емышыжьи а Іуэхум телэжьа критикхэр дызэрпIам. Псом хуэмыдэжу Сокьур Мусэрбийрэ Шэвлокьуэ Петррэ лэжьыгъэ ин хуэзфIагъэкIащ ди литературэм абы екъэлIауэ. Теунэ Хьэчим, Нало Заур, Хьэкiащэ Андрей, Кьэрмокьуэ Хьэмид, Кьэжэр Хьэмид, Кьуэуэлуфэ Хьэчим, Кіурашын Бетлан, Іуут Іэдэм, Кьэшэ ж Людмилэ сымэ жьдэжру хэлэжьыхьащ а Іуэхум. Илъэс 50-м кьыруБыдзу тхыгъэ хуэдэ дыдэ кьытрадзащ абыхэм «Іуащхьэмахуэ» журналым: ди литературэм и щытыкIэр, и кIуэкIэр уи нэгу кьыщIэзыгъэуэ тхыгъэмкIэ, жанр гуэрхэм ди литературэм зэрызыщауэкьым теухуа статьяхэр, тхакIуэ щхьэхуэхэм я Іэужьхъэм критикэнэкIэ дахэзыгъапIьэ лэжьыгъэхэр.

Мы ди тхыгъэ пакIэр кьызэрыщIэддзамкIэ дыуэнщи, журналхэр дэни, сытым дежи критикэ тхыгъэ щIагъэлъэIуу кьыщIэкIынущ, ауэ, ди редакцэм екъэлIауэ жьIпIэмэ, пэж быдэу, дэ яужь зэманым нэхъ кьыгIэрымыкьэхэм ящыщу критикэ тхыгъэхэр. Дащогуръ зи щIэныгъэр абы хуэщIахэм а Іуэхум зратыжьыну.

* * *

ТХАКIУЭМ и тхыгъэм увыIэпIэ нэс щигъуэтыр тхьыпращ, ауэ а «увыIэпIэ нэсым» зигъэльэгъуауэ, зиукъэбзауэ нэсыным щхьэкIэ, журналым нэхъ р нэхъ гъэунэхуIэпIэ, дауи, щыIэкъым. Аращ, хамэбзэкIэ жьIпIэмэ, «журнал вариант» жьыхуаIэжри.

Прозэр кьащIэмэ, а илъэс 50-м ди тхакIуэ ІэрыIуэхэм я Іэдакъэ кьыщIэкIауэ зы тхыгъэшхуи кьэнащ кьыщIэкIынкъым «Іуащхьэмахуэ» ж журналым япэ щыкIэ зыщимыгъэуэнэхуауэ, зыщимыгъэкъэбзауэ.

Кіыщокьуэ Алим, Теунэ Хьэчим, Шор тэн Аскэрбий, Кьаныгъгъэ Хьэпащ1э, Нало Ахьмэдхьан, МафIэдэ Сэрэбий, Кьэрмокьуэ Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэми я романхэр, Щоджэнцыкіу Іэдэм, ШэджыхьащIэ Хьэмыщэ, Журт Биберд, Кхъуэлуфэ Хьэчим, Хьэх Сэфарбий, Бозий Людин сымэ я повесткэхэр. Нало Заур, Мэзыхьэ Борис сымэ я новеллэхэр. Елгъэр Кашиф, Гъэунэ Борис, Шыбзыхьу у Мухьэдин, Елмэпар Анатолэ, Апажэ Ахьмэд, Кіэбышэ э Лилл сымэ, нэгъуэщIхэми я рассказхэр... ЖьIпIэнуракъэ, ди лъэпкъ прозэм зиужьыныкIэ хэхауэ я кьалэнышхуэ игъэзэщIащ, иджыри егъэзащIэ «Іуащхьэмахуэм».

Поэзиеми екъэлIауэ жьIпIэмэ, ди усыгъэм и дамэр ин дыдэу щиучьэуэрэ зэманэу жьIпIэ хъунущ а илъэс тхущIыр. Тхьэм ирещIи, усыгъэ нэхъ «нэфIэуфIэу» адыгэ усакIуэхэм ятхаэу я хьуам япэ лъэбакъэр щачар «Іуащхьэмахуэ» журналыращ. ДыззрыщIыгъаэзщи, зи унэцIэ кьедбжкIа ди прозаик цIэрыIуэхэм мыусакIауэри яхэтыр мащIэщ. Ахэми, 60-70 гъэхэм ди литературэм уэру кьыхьыкьа щIэблэмэ я зэфIэкIыр нэрылъагъу зыщIар, я талантым зыщаухьуэдиэр «Іуащхьэмахуэ» журналращ. Кіуэ мэхъу аэзр: Кьэжэр Петр, Кіэшт Мухьэз, Тхьэгъэзит Зубер, Елгъэр Кашиф, Кьагъырмэс Борис, Кьэжэр Хьэмид, Бештокьуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ, Жьлэтэж Сэлэдин сымэ, нэгъуэщIхэри.

ТхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я ренисэ кIыгъуэр кьэблэгъэху «ныбжьыщIэ» псалъэр щыкIэжа щIыкIэ. Кьиныщхуэ щIэмыIэ хуэдэу щыт щхьэкIэ, тхакIуэм, усакIуэм и увыIэпIэ литературэм нагъуэ щыхьуным щхьэкIэ, а псалъэ дахэр имычэзуэу кьэмыгъэсэбэпамэ нэхъыфIу ди гугъэщ. Ди литературэм щынIыжьыщIэу жьIпIэнкIэ Іэмал иIэжьым, псалъэм папщIэ, усакIуэхэу Мыкьуэжь Анатолэ, Хьэту Петр, Бэлагъы Любэ, Кьаныкьуэ Заринэ, Пщыкъ Латмир, Махуэлі Нарзан сымэ (Псалъэм кьыдэжIуэу жьIпIэнщи, Махуэлі Нарзан ди литературэр куэдкIэ зыщыгъуэ хьун усакIуэу сэ кьыдэлпытэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ари кIэщущ хьужащ яужьрей зэманым).

А ныбжьым итхэм ящыщу адыгэ прозэр зыгъэкIуэтэфын тхакIуэхэу сэ си щхьэкIэ кьысщохьу Лькьуэжь Неллэрэ Аброкьуэ Беллэрэ. (Лъэныкьуэ зрагъэзыжьыпэну мурад ямыщIамэ). Ахэми я тхыгъэхэр нэхъыбэу хэIущIыIу зыщIар «Іуащхьэмахуэ» журналрэщ.

Литературэм и Іыхьэхэм ящыщу драматургием сытым дежи нэхъ теухъ хабзэщ. Театрым и нэкIэ уеплъмэ, утеухьи хьуну кьыщIэкIынщ, тщIэрыкьым, ауэ «Іуащхьэмахуэ» журналыр кьыдэжI зэрыхъурэ кьытехуа пьесэхэм ухэпльэмэ, литературэм и Іэхъукъэ ахэр зыкIи кьаКIэрыхьуу ди гугъэжьым ди прозэми, ди поэзиеми.

Журналым тетащ ди драматургэ нэхъыжьхэу Щэрэлокьуэ Тальостэн, Шортэн Аскэрбий, Акъсыр Залымхъан, Кьардэнгъущ Зыарымыку сыми драматургиер зи литературэ Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм хэзыбжэу щымыта нэгъуэщI ди тхакIуэ нэхъыжьхэмэ я пьесэхэр.

Щэрджэс адыгэхэм я драматургиери гулыитэнщэу кьиГъэнакьым «Іуащхьэмахуэм». Мы яужьрей илъэс зыбжанэм кьыруБыдзэу журналым кьыпхэхуащ Тут Тезадэ, Шыбзыкьуэ Хьэмиз, Кьэрмокьуэ Хьэмид, Шэвлокьуэ Петр, Іутыж Борис сымэ я пьесэхэр зыкъэнэрэ ахэм кьаззрыхэкIынрэ шэч хэлъкьым.

* * *

ЩХЬЭХУЭУ тепсэ лъыхьыпхъэщ ди литературэм кьыщIэхъуэ щIэблэр «Іуащхьэмахуэм» кьыпыщIауэ, я тхыгъэхэр кIэщI-кIэщIурэ кьытехуэу зэрыщытым.

«Щыхулъагъуэ» - араш зэредэжр Тхакіуэхэм я союзым егъэбыдыпIауэ щыIэ щIалэгъуалэ литературэр хасэм, Кіуэ щIауэ абы и унафэщIыр тхакIуэ Хьэх Сэфарбийщ. Тхьэм ущыIигъэхьэ, - Сэфарбий Іуэху щхьэпэ елэжь ди литературэм щIэблэ иІэныкьмкIэ. А литературэ хасэм и фIэщыгъэщIэ дыдэр рубрикэу кьищт аш «Іуащхьэмахуэ» журналми: «Щыхулъагъуэ». А рубрикэм щIэту щIэмытури ди журналым кьудэр кьытохуэ Хьэхым и гъэсэнхэм я тхыгъэхэр. Хуабжьу дагъэгуфIэ, псалъэм папщIэ, усэныкIэ зи зэфIэкIыр кьэзыгъэльагъуэхэу Бесыдокьуэ Марьянэ, Бит Индирэ, Бэрбэч Аслъэнджэрий сымэ.

Абыхэм я литературэ кьыхьыхьэкIэм теухуауэ жьIпIэмэ, нэхъ бгъэщIагъуэ хьунущ ахэм проэзм зэзытахэр нэхъыбэу эзрахэтыр. Апхуэдэхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, зи прозэ тхыгъэхэр «Іуащхьэмахуэ» журналым тезыдзахэу Нэхущ Мадинэ, Нартокьуэ Анжелэ, Кіарэ Альбинэ, Бит Индирэ, Кьаныкьуэ Анфисэ, Нафіэдэ Мухьэмэд сымэ. «Іуащхьэмахуэр» сытым дежи хущIокъу аэзр зэригъэгушхуэным, ауэ уагъэгушхуэ зэпыту литературэм уэзрыхьэмытыфынур езыхэмки кьагурыIуэу я Іэзагъэм нэхъри зэрыхагъэхьуэнум пылъынхэу дащогуръ. Псом ящхьэращи, «Іуащхьэмахуэ» журналым и напэкIуэцIхэм наIуэ кьыщыхьуащ ди литературэм и гур иухьэк зэрымыхьынур, щIэблэ дызэриIэр. Бетэмал, абыхэм щIалэ цIыкIуу яхэту дэ тщIэр тIу ныдеIщ. Апхуэдизурэ иІуэмэ, адыгэ литературэр зэгуэр бзылъхугъэхэм кьахуэнэжьыну кьыщIэкIынущ...

* * *

«АДЫГЭМ хьэщIэр и щIасэщ» жиIакъэ пасэрейм. А хабзэм быдэу тетщ «Іуащхьэмахуэ» журналри кьызэрежьэрэ. Тхьэм ирещи, СССР-кIэ едж зу щыIа кьэралышхуэм зы льэпкъ литературэ щыIауэ кьыщIэкIынкъым зи тхыгъэ гуэрхэр ди журналым темытауэ.

Гулыитэ хэжа дапщэщи ди журналым деж щегъуэт, псалъэм папщIэ, ди кьуэш ин зраджэс абыгэхэм я литературэм. Тхьэхуэжьыу жьIпIэнумэ, щэрджэс тхакIуэхэр дэ зэи япэддзыхкъым кьэбэрдей тхакIуэхэм, усакIуэхэм, абыхэм лъэпкъ журнал яГъуэтыжу нэгъуэщIу дахущытыкIри кьеэзэгъкъым.

Ди жагъуэ зэрыхьущи, адыгейхэм я тхыгъэу кьыпIэрыыкъэр кIуэ ІэтIэм нэхъ машIэ хъуурэр макIуэ, нэхъ зэлъэIэсыгъуей, зэлъихьэгъуэй ей хьущ. А гукъанэр дызэриІэр тхущIэмыхьумэ щхьэкIэ, «Іуащхьэмахуэ» журналым зи тхыгъэ темытауэ зы адыгей тхакIуэ щэрыIуэи щыIэу кьыщIэкIынкъым. Ар наIуэ кьащ редакцэм щыхтхуэмэ номер 300-м.

Апхуэдэ дыдэщ «Іуащхьэмахуэ» журналым ди кьуэш абы хьаэхэм я литературэмри пщIэ зэрыщIигъуэтар: кьыдэжIыгъуэ псокIэ зэхъуэжьэу щыщыта зэманми щыIащ.

Ди кьуэш балъкьэрэм я литературэми хэхауэ «хьэщIагъэ ирихьыр» кьекIуэкIащ, ноби апхуэдизщ «Іуащхьэмахуэ» журналыр. Адыгэ тхакIуэхэм, усакIуэхэм зэрадзэкIыуэрэ кьуэдыдзэрэ кьытехуэу щыташ, ноби кьытохуэ балъкьэр тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэр.

Урыхэм е нэгъуэщI лъэпкъэм кьаХэкIа тхакIуэхэм я тхыгъэ цIэрыIуэхэу кьэдыдзэ щIэблэ зэдзэкIуэу тетащ «Іуащхьэмахуэ» журналым. Пушкин, Толстой, Тургенев, Чеховы, Горький, Шолохов, Айтматов... ЖьIпIэнуракъэ, СССР-кьэралыгъуэщхьэу зи яса лъэпкъхэм я тхакIуэщхьэу, усакIуэщхуэу зыри кьэнауэ кьыщIэкIынукъым «Іуащхьэмахуэм» адыгэбзэкIэ «кьыщыпсэлъа».

Пэжым и хьэтыркIэ жьIпIэнщи, а кьыдэжIыгъуэ щищым урипльэжа нэужь, тIэкIуи щрагъэлеиIуэ щыIауэ кьыщпохьу апхуэдизу номер «ззхьуэжжIэзэжмкIэ». ХьэщIагъэ зепхэвыщхъэвынщэу, ауэ зыхуущIэж литературэм темыпльэжьуфынщэрэ зеиьэн хуейуэ кьытщохьу апхуэдизу хьащIагъэжщ. Ди ныпэнуракъэ, егъэлеяуэ фIы зыри щыIэкъым, псори мардэ гуэрым итын хуейщ.

* * *

ЖУРНАЛЫР сытым дежи япыщIауэ щытщ абы едж щIыхуэхэм. ЗэпущIэхэр кьуажэжэм, кьалэ лэжьапIэхэм, хъупIэхэм щрагъэжIуэкIыу щытащ нэхъапэхэм. Ар дэнэ кьэна, 1983 гъэм Ленинным и цIэр зэрихьэу щыIа колхозым и правленэр, парт, комсомол организацэр, профкомыр зы льэныкьуэ зу, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэр нэгъуэщI льэныкьуэу зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ щытащ зэдзэлжьэнх, зу. Зыщ1эж нэхъыжьхэм зэрыжаIэжымкIэ, апхуэдизу зэпыщIэныгъэх зм льэныкьуэтIми сэбэп кьах ушэрт.

Пэжщ, апхуэдизу Іуэхугъуэ ехьэжьахэр зи нэщэнэр нобэ щымыIэж идеологиерати, абы дэжIуэдыжьауи жьIпIэ хуэнущ апхуэдэ жэрдэмхэр. Нобэ тынщкъым апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм лъагъуэ кьахуэбгъуэтыныр. ИтIани редакцэм щылажьэхэр кIэщI-кIэщIурэ яIуощIэ ди журналыр зыIэрыхьэхэм. Ар сэбэп мэхъу ди журналым Іи щIэзыдзэм я бжьгъэм кьыхъэгъэхьуэнымкIи.

КьыхэзгъэщIыну сыхуейт ди журналым цIыху нэхъыбэм Іэ щIадзыжьмкIэ сытым дежи сэбэп ин кьыхъуэ зыбгъэ районхэм, еджапIэхэм, цIыху щхьэхуэхэм я цIэхэр. Ахэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, Аруан, Тэрч районхэр, ахэм я РОНО-хэр, Налшык дэт Педколледжыр, ещэщIанэ, тIощIрэ етхуанэ курыт едкапIэхэр. «Іуащхьэмахуэр» ди къуэш щэрджэсхэм IэзрыгъэзэнымкIэ дэIэпыкьуэгъэщхьэ зу щыIа Іуэхуэ, усакIуэхэу. Шэр джэс Алий, Шорэ Ахьмэд, Адзын Мухьэмэд сымэ. Тхьэразы кьахьхьу псоми.

* * *

ЕБГЪЭФIАКIУЭ, нэхъ дахэ пщIы мыхъун журнал щыIэкъым, ауэ, зэрыщытам ебгъапщэмэ, мы иужьрей илъэсхэм журналым и теплъэм фIы и льэныкьуэкIэ зихъуэжауэ кьытщохьу.

Зытрадзэ тхьылъымпIэм и фIагъэр нэхъ льагэ хъуащ, и жинтыр зэрыгъэщIэрыщагъэм зыIэрыхьэхэм ягу ирохь. (Абы и льэныкьуэкIэ фIыщIэ ху зыщIыпхъэщ сытым дежи дгъэ зт, кьыддэIэпыкъу художник Іэзэ Бгъэжьнокьуэ Заурбэч).

Мыри уэзрыгуфIэ хъунухэм ящыщу: 1993 гъэ льандэрэ журналым и листажым печатнэ листитI кьыхагъэхъуащ. (10-т зэрыхьури, 12 ящIащ). Ар хъарзынэщ, ауэ «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм, ди Тхакіуэхэм я союзым ку зд щIауэ кьыдекIуэкI лъэІур иджыри зэ утыку кьысIлъхьэну сыхуейт: ди гъунэгъу республикэ языныкьуэхэм ещхьу, щхьэ мыхьурэ «Іуащхьэмахуэ» журналыр мазэ кьэс кьыдэжIыкIыну ягъэув. Мелуан ныкьуэм щIигъу ди лъэпкъым деж1Iэ кьемыIэзэныу кьыдолъытэ ди анэдэлъхубзэкIэ кьыдэжI балигъ журнал закьуэр мазитI интервал иІэурэ кьыдэжIынур. Ди республикэм и унафэщIхэм дащогуръ ди гъуэгуанэхэмрэ еджакIуэхэмрэ куэд щIауэ яIэ а хъуэпсапIэр икIэм-икIэжьм нахуапIэ ящыну.

* * *

ЗыГУРЭХЭМ пхэнжу кьагурымыIуэным щхьэкIэ, мащIэу тепсэлъыхьын хуеиІуэ кьызэольытэ мы юбилей кьыдэжIыгъуэр мыпхуэдэу зэхэдгъэувэнкIэ щIэхъуэм и щхьэусыгъуэм. ЗэпущIэу жьIпIэщи, редакцэм щылажьэхэм я деж1Iэ кIуэдкIэ нэ хъ тынш хьунут, дэтэнэ зи чэзу кьыдэжIыгъуэми ещхьу, редакцэм щIэль тхыгъэ хэмкIэ дгъэнщIрэ, «Іуащхьэмахуэ» журналым и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъуэр тщыгъупщэжауэ кьащымыхьуным щхьэкIэ, мыпхуэдэ зы псалъащхьэ дэщыдгъужамэ.

АтIэми, дэ нэхъ щхьэпэ хьуну кьэтлъытащ, дытепсэлъыхьыж кьыдэж1Iэ хэльу мы кьыдэжIыгъуэм и листажкIэ щIэлъ кьыдэжIыгъуэ 300-р мыІэ-мытIэу щIэтпщытыкIыжакIэ, щIэдмыджыкIыжа, дызыхэмыджыжьа щIагъэ кьэдмыгъа: нэу.

«Іуащхьэмахуэ» журналыр, еджэхэм зэращIэщи, дэтхэнэзэ ти тхылъ курых хуэдиз мэхъу. АГъ фи нэгу кьыщIэвгъэувэт абыхэм балигъ ихьухьа ди литературэм тхакIуэ, усакIуэ щIэрыIуэрэ мор-мыр жьхуаIэ тхыгъэ ехьэжьауэ щызэблэкIар зыхуэдизыр. Дапхуэдэу т1Iэ зы кьыдэжIыгъу эм пхуигъэхуэн ахэм кьаззрыхэпхьынур? Адыгэ литературэр зи мыхьэрэм дэтхэнэри хъарзынэу зыщIигъуэ ззэ, зэрыжаIэу, «крестоматите щIэрыIуагъэ зиI»? тхыгъэхэр кьыхэхтхыурэ антологие зэхэгъэуэвэжIу дгъэпсаму, дэрэкIи нэ хъ тынш, зыкъомми ар нэхъ яфIэкъабыл хьуну кьыщIэкIынут. Ауэ дэ, дызэчэнджэщыжри, кьэтлъытащ нобэрей тхылъеджэр нэхъ зыщымыгъуаз, абы дежкIэ нобэ гъуэтыгъуафIэ дыдэу щымыт, псоми ящхьэращи, яфIэгъэщIэгъуэну зэ джэну кьытщыхьу тхыгъэхэр зыззрыхьэтхыным. А кьыхэхыкIэм нэсу дытемытыфагъэнкIи хъунщ дэ сытым дежи, ауэ апхуэдэ мурадыр ди гъуаэзу мы номерыр зэрыдгъэпсар фщIэмэ, ди гуапэщ.

* * *

ДИ ПСАЛЪЭМ и кIэухыу фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ «Іуащхьэмахуэ» журналым и ныбжьыр илъэс 50 зэрырикъуам папщIэ псалъэ гуапэ кьытхужьызыIахэу Къэбэрдей-Балькьэр Республикэм и Президент Кьанокьуэ Арсени, зи хьэхьэу гуапэхэр кьытхуезыгъэхьа, ди гуфIэгъуэр кьыддэзыIэт псоми.

Хэ хьэуну, зиужьыну,efIэкIыну, гъащIэ кIыхь дыдэ хьуну Тхьэм жиIэ адыгэ льэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ льапIэ дыдэу жьIпIэ хьуну ди литературэм и зыужьыпIэ, и хэхъуапIэ «Іуащхьэмахуэр»!

ІУТІЫЖ Борис,
КъБР-м и цIыхубзэ тхакIуэ.

● Редактор нэхъыщхьэхэр

Щомахуэ Амырхьан (1958 - 1965 гъэ.)



Щоджэнцыкіу Іэдэм (1965 - 1970 гъэ.)

Тхьэгъэзит Зубер (1970 - 1971 гъэ.)

Кьэрмокьуэ Хьэмид (1972 - 1977 гъэ.)

Шэвлокьуэ Петр (1977 - 1991 гъэ.)

Іутыж Борис (1991 гъэ льандэрэ)

● Ди сурэт гъэIыгъыгъэхэр

Щыхэр: Къагырмэс Борис, Хьэх Сэфарбий, Бакіуу Хьанджэрий, Кьэрмокьуэ Мухьэмэд, Елгъэр Кашиф.
Щытхэр: Іутіыж Борис, Джэрыджэ Арсен. *1997 гъэ*

Иужьрей илъэс 50-м къриубыдэу адыгэ лъэпкыр нэхъ зыщыгуфIыкIа Іуэхушхуэхэм яхыибжэ хъунущ «Іуащхьэмахуэ» журналыр къыдэкIыу зэрыщIидзар. Ди литературэм, щэнхабзэм, гъуазджэм заужьыныжмкIэ абы и пщэ къалэныщхуэ къыдалъхьащи, нобэр къыздэсым абы хъарзынэу польэщ.

Абы и сыт хуэдэ къыдэкIыгъуэри гъэщIагъуэщ, уэрыгъэзэщи тхыгъэхэмкIэ къулейщ. ЩIэбджыкIыу бгъэтIылъыжа нужьи, унIэр зы гуныкъуэгъуэщ - ар нэхъ щIэх-щIэхыгъэ кIыдэкIыу щытамэ сыт хъунт! ЩIэджыкIакIуэхэм я мызакъуэу, ди тхакIуэ усакIуэхэми апхуэдэ хъуэпсапIэ зэраIэм дыщыгъуазэщи, псоми ар къыдэхъулIауэ Тхьэм дигъэлъагъу.

Журналым и махуэшхуэм ирихьелIэу къыхуагъэхьа хъуэхъухэри нахуапIэ хъуну ди гуапэщ икIи абы-хэм ящыщ зыбжанэ фи пащхьэ идолъхьа

ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд,

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ:

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм я цIкIэ гуэрэ псэкIэ сынывокъуэхъу «Іуащхьэмахуэ» журналым и ныбжьыр илъэс щы ныкъуэ щрикъу махуэ пIалIэмкIэ.

Илъэс щэ ныкъуэм и кIуэцIкIэ журналым куэд дыдэ зэфIихащ, ди литературэм и пщIэр лъагэ хъун, абы и къарур нэхъри кьеблым, и гуащIэм хэхъуэ зэпытурэ зиужьын пащщIэ.

Журналыр зы махуи тепIэжьыкIакIэкъым ди литературэм зэпэчыжу гъэгуэнэхэм. Абы къыпэщыт къалэнхэр убзыхунырщ «Іуащхьэмахуэм» и пщэ дапщэщи дэтлар икIи ар хуэзэфIэкIащ. ХуэзэфIэкIащ, и пащхьэ апхуэдэ къалэн кьыщзэриттыр фIыуэ къыгурыIуэрти.

«Іуащхьэмахуэ» журналыр сыт щыгъуи хущIэкъуащ, ноби хущIокъу адыгэ тхакIуэхэм я къалэмпIэм кьыщIэкI тхыгъэхэм я фIыпIэм цIыхур щыгъуазэ щыним. Абы и напэкIыуцIэм щIэх-щIэхыуРэ ущроихьэлIэ ди литературэм, ди тхыбдзэм, ди бзэм я тхыдэмрэ я нобэрей щытыкIэмрэ куууэ щызэпкърыха тхыгъэ хьэлэмэтхэм. Аращ «Іуащхьэмахуэм» и пщIэр щIэгъаIэр, абы еджакъэм я бжыгъэм кIуэ пэтми щIэхэхъуэр.

Журналым ныбжьэгъу щимащIэжьым, ди къуэш республикэм нэмыщI, адыгэ щыпсэу хамэ къэралхэми.

ТхакIуэхэм, усакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм я Iэдакъэ къыщIэкI тхыгъэщIэкъм щIыхур щыгъуазэ щIын къудейркъым журналым и пщэ дэлъыр, ар абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщми. Анэдэлъхубзэмрэ пIэлъкъ тхыбзэмрэ я IэфIыр щIыхум зыхегъэщIэн, абы щIэпIыкIын, кьыщIэгъэтэджэн - къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ ар ди эзнаныр, аращ журналыр абы щыгъэгъуэщ - ар нэхъ щIэх-щIэхыгъэ кьыдэкIыу щытамэ сыт хъунт! ЩIэджыкIакIуэхэм я мызакъуэу, ди тхакIуэ усакIуэхэми апхуэдэ хъуэпсапIэ зэраIэм дыщыгъуазэщи, псоми ар къыдэхъулIауэ Тхьэм дигъэлъагъу.

Журналым и махуэшхуэм ирихьелIэу къыхуагъэхьа хъуэхъухэри нахуапIэ хъуну ди гуапэщ икIи абы-хэм ящыщ зыбжанэ фи пащхьэ идолъхьа

МЭШБащIэ Исхьэкъ,

Адыгэ Республикэм и тхакIуэхэм я тхъэмат:

Ткъош лъапIэхэр! Журналэу «Іошъхьэмафэ» иIофышIэхэр! «Іошъхьэмафэ» еджэнхэр шIу зыгъэгъуэхэрэр!

Журналэу «Іошъхьэмафэ» кьыздэкIынэу зыригъэжьагъэр илъэс щэныкъуэ зэрэхъуГэм пае тыгу кьыздэIэу тышъу-фэгушIо, лIэщIэгъу ныкъом кьыкIоц1 къэбэртэе литературэм эхъоинарзыжу ныщIыгъэм журналым иIаХь ин зэрэхэлым, джырэ лъэпапIэр зэриштэщтым тицыхьэ тельэу тыфэтъаIо гъэшIэ кьыхьэ хьунэу, къэбэртэе литературэм ыцIэ чыжьэу зытэгъуГэжьм, лъагэу зыIэтыгъэхэм кIэу атхыхэрэмкIэ еджакIокэр бэрэ гIэгъуШонхэу, мэкъакIэкэр кьыГот эпытынэу.

Къэбэртэябзэм ыпсэ нахь пIэщI, нахь дахэ зыщIыгъэ-хэ, зыщIыхэрэ тхакIоХэм аIэпэ дышъэ кьыпыкIыгъэхэм «Іошъхьэмафэ» инэкIубгъоХэм ренэу чIыпIэ шагъотыгъ джырэ щагъоты. Т и адыгэ Республикэ итхакIоХэм атхыгъэхэр Къэбэртэе-Бэлъкъар Республикэм щIопсэурэ адыгэхэм апэрэу язгъэшIагъэр «Іошъхьэмафэ» ары.

ШIу шъуэщIыгъэгъуэ шъукъоШхэу Адыгэ Республикэм итхакIо пстэури Тхьам тельэ «Іошъхьэмафэ» гъашIэ мыухыжь къыритныну, кьыдэкI пэпчъ еджэхэрэр тхыгъэ гъэшIэгъонэмкIэ, гупшысэ кууХэр зыхэлъ тхыгъэхэмкIэ ягъэгушIо зэпытынэу!

КъАНЫКЪУЭ Заринэ,

усакIуэ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ:

«Іуащхьэмахуэм» и Іуэхур нэхъриефIэкIуэну сыхуохъуапсэ

«Іуащхьэмахуэ» журналыр"сэ сысабийуэ ди"унэ кьахьу щыщытам (пощтым деж ди щIэм абы Iэ щытридзэрт зэпымыуу) зэгуэр абы и редакцэм сыщылэжьэну хэт и гугъэнт?! Апхуэдэу хьуащ-тIэ, илъэс 14-кIэ адэри сызэтащ журналым елэжьхэм.

Иджы нобэ хьэкъыу си фIэщ мэхъу: журналыр щыIэнэр, ар екIуу кьыдэгъэкIыныр мыхьэнэщхуэ зиIэ Іуэхущ. Абы зы тхыдэ псо щыIэхъуэхъэсащ: ди литературэм и тхыдэ. Ди тхакIуэхэм я гъуэгуанэр сыт хуэдэу щытами кьыщыIэтащ. Хэт сыт хуэдэ тхыгъэ я Iэдакъэ кьыщIэкIами, япэу здихьыр «Іуащхьэмахуэращ». Тхыльэ кьыздэсыгъэкIыфыр куэд мыхъуми, журналым зи тхыгъэ кьытрэзыгъэдзэфар машIэкъым. «Іуащхьэмахуэм» кьытехуа нэужь, зи тхыгъэхэр тхылъ щхьэ хуэу кьыздэсыкIыным гегущыIуэхэр гурыIуэгъуафIэщ: редакцэм дежь тхыгъэм гъуэгу щегъэт, цIыхур йоджэри, ар кьаэрыщыхьэр наIу я кьоХу. ЕджаХэм ягу ирихь-иримыхьым тещIыхьауэ, пэжыр жыпIэмэ, тхыгъэм редакторыр Iэ3эу зэрыхьэлэжьхьыхьжари кьыхьэлъытауэ, авторым ар хегъуэвэ и тхылъ щхьэхуэм. Апхуэдэу кьоКуэкI илъэс пщIы бжыгъэ мэ хьури.

Журналым зыхущIэжьжьыр дзыгъэкIуэ тхэхэмрэ адыгэбзэкIэ еджэхэмрэщ. Ауэ щыхьукIэ, дунейм тет зы пIэпкъым и зы гъащIэ Іыхьэ журналыр мэхъу. А гъащIэр литературэм и курыкупсэщ. Дэнэ литературэр нэсами, сыт къехьулIами, сытым хэкIыжьами ящыгъуI. Си щхьэкIэ, сфIэгъэщIэгъуэну

хьауэ щытар иджыри сохъумэ. Занщ1эу жыс1энщи, нэхъыфI хъу зэпытщ.

Илъэс 50 хьуауэ кьыддэгъэгъуэрыкIуэ «Іуащхьэмахуэ» журналыр тхэным, усэным гу хуэзыщIакъэм я заокъуэкъым зейр, атIэ пIэпкъ хабзэр, пIэпкъыбзэр езы адыгэ пIэпкъырефIэкIуэну зи нэ кьыкI псоми дыдейщи, усакIуэм зэрыжиIауэ, и гъуэгу кIыхь хъуну дохъуэхъу.

БЭЧЫжь Лейлэ:

филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъШР- м и ТхакIуэхэм я гуащэ:

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу адыгэ тхакIуэ псоми къабгъэдэкIыу фи юбилей дахэмкIэ нну сынывохъуэжу зи фIэщыгъэ зефхэ Іуащ хьэмахуэ щэджащэм и пщIэмрэ и лъагагъэмрэ зи гъуазэ фи журналыр а бгыр щытыкIэ ди пъэпкъым иIэну!

Ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ, зэрэджэ адыгэхэм, зэкIэ дицэкъым ди литературэм Іэпэгъу кьыхужьу журнал Іув. Апхуэдэу щытми, ди тхакIуэхэм зеинщафэ кьатумыгъауэу уэ, «Іуащхьэмахуэ» журналыр, удиIэщи, догуфIэ икIи догушхуэ.

Мыри жьысIэну сыхуейщ: зэманым нэхьри кьыдгурыгъаIуэурэ макIуэ адыгэхэр дигурэ ди псэкIэ нэхъ дыдэхрызыгъэIыкIыр Іэмал-хэр кьэтIтыхьхьуэ зэпыту дыщытын зэрыхуейр. Апхуэдэ Іэмал нэхьыфIхэм ящыщ ди литературэр, зэбгрыпсэжьыкIыурэ зэкIэмэ хъупэнхэм нэдмыгъэсу, зэпэгъунэгъу тщIыуэрэ зэхэтъэкIыхьхьыным дыхущIэкъуэ зэрыхуейр. Дэ кьыдэмыхьулIэми, кьэкIуэну щIэблэм кьайхьулIэнкIэ согугъэ а хъуэпсапIэр.

А хъуэпсапIэм гъуэзэгъ дыхуэзэщIыфынухэм ящыщ зыщ «Іуащхьэмахуэ» журналри, и Іуэхур ефIакIуэ зэпыту, зэрыгушхуэн тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ кьыбгъурыту игъащIэкIэ адыгэ пIэпкъым иIэну Тхьэм жиIэ!

НАКУЭ Еленэ,

«Солнышко» журналым и редакторэ нэхъыщхьэ:

«Дыгъэ цIыкIу» - аращ дэ кьыздэгъэкI сабий журналым зэредджэр. Дыгъэм имыщIи, имыгъагъуи, кьимыгъэнэхун дуней гущIыIум теткым. Дэри, мис, ди «Дыгъэ цIыкIум» и фIыгъэкIэ кьэтщIащ адыгэ пIэпкъым и журнал нэхъыщхьэу «Іуащхьэмахуэ» фIэщыгъэцIэ дахэр зезыхьэр кьыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэс 50 зэрырикъуар.

Дэ дыщыгъазэщ, «Іуащхьэмахуэ», уэ адыгэ пIэпкъым, ди республикэм и культурэм, и пащIэм зиужьыным хэблэжьыхьар зыхуэдизым. ДощIэ ди цIыхуэм я гуфIэгъэуэн я гузэвэгъуэми запыуумыдзу, сытым дежи гурэ псэкIэ абыхэм уапэдзжэу укьыпэрекIуэкIыр. Ущрикъ псом ящхьэраци, адыгэ литературэм и Іэфыр цIыхум ящэфIэгъэ зэпыту уэрыдиIэр.

«Іуащхьэмахуэмрэ» «Мингитау»рэ" ирдзу кьыдэкIыхьэщытхэу, ди «Дыгъэ цIыкIум» ахэр кьигъэнэхуу, «Нурымрэ», «Нюрымрэ» я

бзиIэхэр зэщIэлыдзэу ди республикэ дахащэм сытым дежи иIэнэхэу сохъуахъуэ!

«Солнышко» журналым и редакцэм щылажьэхэми, кьыхуэхъэжми, щIэзыджыкI сабийхэми кьабгъэдэкIыу «Іуащхьэмахуэ» редакцэм щылажьэ ди коллегэхэмрэ я журналыр зей адыгэ тхакIуэхэмрэ мыпхуэдэу зыфIдогъаз: фи журналыр нэхъри зыгъэдэжэн тхьапIэ куэд адыгэ литературэм кьыщIэхъуэну, фыуэзыншэну, фи гъащIэр насып защIэ хъуну!

СОЗАЕВ Ахьмат,

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и унафэщI:

«Іуащхьэмахуэ», «Мингитау» журналхэм къэбэрдей пIэпкъымрэ балъкъэр пIэпкъымрэ я дежкIэ мыхьэнэзэ яIэр кьэзыгъэгъуейщ. ФкIэ хъунущ ди литературэхэр кьыздэрыхъэхъу щIэныгъэхэр, литературэр щаузэщI, щапсыхь кIыщIымкIэ дызыпыщIа ди

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн,

«Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ:

Пэпкъ щэнхабзэр, литературэр щаузэщI, щапсыхь кIыщIымкIэ дызыпыщIа ди

ХЬЭМТУ Къадир,

радио журналист:

«Іуащхьэмахуэ» журналыр илъэс 45-рэ хъуауэ си Іэпэгъуэ, си гъэсакIуэщ, си узэщIакIуэщ, унэтIакIуэщ. Ди гъэщIэр ефIакIуэмэ екIакIуэми абыкIэ тыншу кьыбоощIэ, уолъагъу. Ар дэ кьэткIуа гъуэгуанэм, псом хуэмыдэу, ди литературэм и гъуджэщ.

Фы дыдэу сощIэж «Іуащхьэмахуэ» журналыр унэм кьысхуахьыну япэ дыдэ Iэ щытездзар. Абы щыгъуэ сэ еханэ кьаслъ сыщедджэрт. Ди адэм сельэIуащ 1омрэ кIэпIейкIэ 92-рэ кьызитыну. И щхьэусыгъуэри жеслащ.

«Зы тхьэмахуэ е тхьэмахуитI хуэдэкIэ укьыспэпIэ хьунумэ, зыIэжьи сигу кьэгъэкIыж», - жиIащ.

И ахърэтыр нэху Тхьэм ищI, тхьэмахуитIи сызыпипгъэпIакьым, игуи кьэзгъэкIыжакьым. Ахъшэ кьызэрыгъэхьэу ди адэм сомитI кьэзитащ. Абы пIыдмдзэ журналым дэзмыгъэхуIауэ соджэ. Япэ дыдэ кьысхуа-

АБАЗЭ Албэч,

КъБКъУм и доцент:

Ди Іэпэгъу, ди чэнджэщэгъуфI

Адыгэ лъэпкъ литературэм, тхыбзэм зиужьыныжкIэ «Іуащхьэмахуэ» журналым илэжьымрэ зэфIигъэкI Іуэхугъуэмрэ пхуэмыльытэн хуэдизу иныж. Занщ1эу кьыжьытIэнщи, журналым и тепIэкIи, абы кьытехуэ тхыгъэхэм я кьыхэхыкIэкIи, жанр зэхуэмыдэжм яту гъэпсэ а тхыгъэхэм я зэкIэтыхьыкIэ - ухуэкIэкIи хэпщIыкIыу, фIы и пъэныкъуэкIэ, зэрызихъуэжьэкъ зыкъом щIащ. Япэ ята нэхьыжьыфIхэм я пщIэр, я мыхьанэр ямыгъэкIуэду, езыхэми я Іуэху епльыкIэщIэхэр хатЬхьэуэрэ, адыгэ журналыр зэпэщу нобэм къэсащ. ТхакIуэхэм я гупсысэхэр щIэджжьIакIуэхэм я журналым зэфIигъэкI Іуэхугъуэхэм фIыщIэ, щытхъу псалъэ куэд кьаIэжь. Абы и пъэныкъуэкIэ журналым уасэу хуагъэувамрэ абы сэрэпынагъыу пIыльымрэ зэльытыгъуейщ. Журналым и кьыдэкIыгъуэхэм кьытехуэ тхыгъэхэм я зэкIэтыхьыкIэ щIэщыгъуагъэ ябгъэдэлъщ, гъащIэм и пъэныкъуэ псори кьызэщIаубыдэну пыпщ. «Іуащхьэмахуэм» литературно-художественнэ кьудей мыхъуу, «щIэныгъэ» журналкIи уеджэ хъунущ, сыту жыпIэмэ адыгэ литературэм, тхыдэм, культурэм елэжь ди щIэныгъэ-щIэхэр аспирантэмрэ абы «кьыщIэпсэлъэну» Іэмал щагъуэтри. Іуапэщ литературэм кьыхьыхэ ныбжьыщIэхэми гупльитэ хэа зэрыхуащIыр.

Диным, ди лъэпкъ щэн-

МЫСОСТЫШХУЭ Пщызэбий,

Абхъаз Республикэм и цIыхуэ, Урысейм щIыхь зиIэ я артист:

